**दिन–बुधवार** **दिनांक–11.09.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे एखन सिलिकॉन कूटनीति के युग अछि आ भारत सेमीकंडक्टर पावर हाउस बनेबाक लेल सभ संभव डेग उठाओत । ओ कहलनि जे सरकार देश मे चीप उत्पादन के संख्या बढेबा पर विशेष जोर दऽ रहल अछि। जाहि सँ हरेक डिवाईस मे भारत मे निर्मित चिप्स के प्रयोग कयल जा सकय। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ ग्रेटर नोएडा मे सेमीकॉन इंडिया दू हजार चौबीसक उद्घाटन समारोह के सम्बोधित कऽ रहल छलाह। श्री मोदी देश मे इलेक्ट्रॉनिक्स आ सेमीकंडक्टर उद्योग के प्रोत्साहन देबाक लेल कयल गेल विभिन्न पहल पर ध्यान केन्द्रित कयलनि। ओ कहलनि जे सरकार एहि दशक के अंत धरि देश के इलेक्ट्रॉनिक्स क्षेत्र मे पाँच सय बिलियन डॉलर के उद्योग बनेबाक लक्ष्य राखलक अछि। ओ कहलनि जे एहि सँ साठि लाख नोकरी उत्पन्न होयत। प्रधानमंत्री डिजिटल इंडिया मिशन के सफलता पर जोर दैत कहलनि जे पहिने देश मोबाइल फोन आयात करैत छल मुदा आब ई मोबाइल फोनक दोसर सभ सँ पैघ उत्पादक आ निर्यातक बनि गेल अछि।

---

पटना उच्च न्यायालय सत्ताईस अक्टूबर दू हजार तेरह मे नरेन्द्र मोदी के हुंकार रैली मे भेल क्रमानुसार बम धमाका के मामिला मे चारि आतंकी के फाँसी के सजा के उम्रकैद मे बदलि देलक अछि। न्यायालय दू दोषी के उम्रकैदक सजा के यथावत राखलक अछि। पटना व्यवहार न्यायालय एहि मामिला मे चारि दोषी के फाँसी आ दू के उम्रकैदक सजा सुनौने छल। दोषी सभ निचुलका अदालत के निर्णय के पटना उच्च न्यायालय मे चुनौती देने छल। न्यायामूर्ति आशुतोष कुमार के खंडपीठ मामिलाक सुनवाई के बाद नुमान अंसारी, मोहम्मद मुजीबुल्लाह, हैदर अली, इम्तियाज आलम के फाँसी के सजा पर रोक लगबैत उम्रकैद मे बदलि देलनि। जखनकि उमैर सिद्दीकी आ अजहरहुद्दीन कुरैसी के आजीवन कारावासक सजा के बरकरार राखलक अछि। विदित अछि जे एहि रैली मे भेल सिलसिलेवार सात बम

धमाका मे छओ गोटे के मृत्यु भऽ गेल छलनि। जखनकि पचासी सँ बेसी लोक घायल भऽ गेल छलाह।

———————————————————————

प्रदेश मे पछिला चारि वर्षक दरमियान सोलह लाख सैंतीस हजार फर्जी आ डुप्लिकेट राशन कार्ड निरस्त कयल गेल अछि। ओतहि, चालीस लाख लाभार्थी लोकनिक नाम राशन कार्ड सँ हटाओल गेल अछि। खाद्य आ उपभोक्त सरक्षण विभागक सचिव एन. सरवन कुमार आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे राशन कार्ड के आधार सत्यापन आ ई–केवाईसी के बाद ई कार्रवाई कयल गेल अछि। श्री कुमार कहलनि जे राज्य मे आठ करोड़ पैंतीस लाख सँ बेसी उपभोक्ता लोकनिक लऽग राशन कार्ड अछि। पचपन लाख नव राशन कार्ड सेहो बनाओल गेल अछि। श्री कुमार जनौलनि जे एकसठि प्रतिशत उपभोक्ता लोकनिक ई–केवाईसी कयल गेल अछि आ हुनक बायोमीट्रिक सत्यापन भेल अछि। श्री कुमार कहलनि जे एक राष्ट्र एक राशन कार्ड के अंतर्गत नवासी लाख उनचालीस हजार सँ बेसी राशन कार्ड धारक लोकनि पोर्टेबिलिटी के माध्यम सँ खाद्यान के लाभ प्राप्त कयलनि अछि।

———————————————————————

एम्हर, खाद्य आ उपभोक्ता सरक्षण मंत्री लेसी सिंह कहलनि अछि जे खरीफ मौसमक लेल एहि वर्ष नवम्बर मे धान कीनब शुरू होयत। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे वर्ष दू हजार तेइस–चौबीस मे तीस दशमलव आठ लाख मीट्रिक धान कीनल गेल। श्रीमती सिंह जनौलनि जे एहि मे मिल आ पैक्स के माध्यम सँ अंठानवे प्रतिशत तैयार चाउर प्राप्त भऽ गेल अछि।

———————————————————————

ग्रामीण कार्य विभाग मंत्री अशोक चौधरी कहलनि अछि जे मुख्यमंत्री ग्रामीण सड़क उन्नयन योजनाक अंतर्गत अगिला वर्ष धरि तेईस हजार किलोमीटर नव सड़कक निर्माण काज पूरा कऽ लेल जायत। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत श्री चौधरी कहलनि जे एहि योजनाक अंतर्गत एखन छओ हजार किलोमीटर सड़कक निर्माण काज शुरू भऽ चुकल अछि।

———————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि अछि जे बिहार मे हुनक पार्टी के सरकार बनलाक बाद बिजली उपभोक्ता लोकनि के दू सय यूनिट बिजली निःशूल्क देल जायत। आइ समस्तीपुर मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत श्री यादव कहलनि जे देशभरि मे बिहार मे बिजली सभ सँ महंग भेटैत अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे डेंगूक नव मामिला लगातार बढ़ि रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे बेरासी नव मामिलाक पुष्टि भेल अछि। पटना मे सभ सँ बेसी एकतीस नव मामिला भेटल अछि। स्वास्थ्य विभागक अनुसार एहि वर्ष एखन धरि डेंगू के एक हजार दू सय अट्ठाईस मामिला सोझा आबि चुकल अछि।

———————————————————————

अगिला वर्ष होबऽवला मैट्रिक आ इंटर मिडिएट वार्षिक परीक्षाक लेल ऑनलाइन फार्म भरबाक प्रक्रिया आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। बिहार विद्यालय परीक्षा समिति के अनुसार मैट्रिक परीक्षाक लेल फार्म सत्ताईस सितम्बर धरि भरल जायत। परीक्षार्थी चौबीस सितम्बर धरि शुल्क जमा कऽ सकैत अछि। ओतहि, इंटरमीडिएट परीक्षाक लेल फार्म पच्चीस सितम्बर धरि भरल जा सकत। शुल्क बाईस सितम्बर धरि जाम कयल जा सकैत अछि।

———————————————————————

बिहार राज्य खेल प्राधिकरण, पटना आ जिला प्रशासन दरभंगा के संयुक्त तत्वावधान मे आइ सँ दरभंगा मे राज्यस्तरीय बालिका कबड्डी अंडर नाईनटीन प्रतियोगिता के शुरूआत भेल। आइ खेलल गेल मैच मे मधुबनी, सीतामढ़ी, भागलपुर, वैशाली, बक्सर, पश्चिम चंपारण, पटना, सीवान आ सारण के टीम जीत हासिल कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त